



Pou Piblikasyon Imedya: 27/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LAPOLIS ETA A AK FÒS LÒD LOKAL YO PRAL PRAN MEZI REPRESYON KONT MOUN K AP KONDUI TOU SOU YO OSWA SAN PRIDANS PANDAN WIKENN JOUNEN MEMORYAL SA A

Kanpay aplikasyon an pral fèt jiska 31 me

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse Lapolis Eta New York la ak fòs lòd lokal nan tout eta a ap ogmante patwouy yo pou lite kont moun k ap kondui tou sou, ak kapasite afebli epi san pridans pandan wikenn Jounen Memoryal la. Peryòd pou fè respekte lwa STOP-DWI a ap kòmanse nan 6:00 p.m. nan vandredi 27 me 2022 epi kontinye jiska 3:00 a.m. nan madi 31 me 2022. Jounen Memoryal la se youn nan jou ferye ki gen plis aktivite vwayaj nan ane a epi lapolis ap deplwaye an fòs pou yo retire chofè ki gen kapasite afebli ak sa k ap kondui san pridans sou otowout nou yo.

"Kondui ak kapasite afebli se yo chwa ensousyan, danjere ki mete twòp moun nan risk konsekans ki koute chè epi ki ka mòtèl", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap prepare pou n vwayaje ak rasanble avèk zanmi ak fanmi nou pou yon wikenn Jounen Memoryal, mwen egzòte tout otomobolis yo pou yo kondui yon fason responsab ak planifye pou yo jwenn woulib pou ale lakay yo. Pa pran volan si ou te bwè alkòl pou ou kapab jwi wikenn ou san ou pa mete tèt ou ak lòt yo andanje".

Chofè yo ka atann pou wè pwèn kontwòl tèt klè ak plis patwouy Lapolis Eta a ak ajans fòs lòd lokal yo ap fè pandan wikenn fèt sa a. Polisye Eta yo pral sèvi avèk toulède machin polis eta ki make ak machin kontwòl sikilasyon ki gen idandite yo ki kache (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) nan kad operasyon sa a pou idantifye pi fasilamn chofè k ap vyole lalwa. Machin CITE yo pèmèt polisye eta yo pi byen obsève vyolasyon konduit yo. Veyikil sa yo melanje avèk machin ki nan lari a men yo san ekivòk tankou machin ijans yo yon fwa ke limyè ijans lan aktive.

Sipè-entandan Lapolis Eta a, Kevin P. Bruen, te deklare, "Pou anpil Nouyòkè, Jounen Memoryal la make kòmansman sezon vwayaj ete, sa ki vle di plis sikilasyon epi risk yo plis ogmante sou wout nou yo. Pandan w ap planifye fèt wikenn ou, sonje pou w mete sekirite kòm priyorite prensipal ou. Mete senti sekirite w, rete an alèt epi sitou, kondwi an tout sobriyete. Si w bwè alkòl oswa itilize dwòg, pa pran volan okenn machin - olye de sa, epi fè aranjman pou w jwenn yon woulib pou ale lakay ou san danje.

Lapolis eta a pral rete vijilan nan kenbe wout nou yo an sekirite pandan tout dire wikenn ferye a epi yo pral sible chofè ki ensousyan epi ki gen kapasite afebli yo."

Komisè Depatman Veyikil ak Motè a, Mark J.F. Schroeder te deklare, "Pral gen bokou plis otomobilis sou wout la nan wikenn Jounen Memoryal sa pandan sezon vwayaj la ap kòmanse. Nou vle pou tout moun rive nan destinasyon yo an sekirite, kidonk nou egzòte tout chofè yo pou yo fè chwa responsab pou evite trajedi ensanse. Pa kondui si ou te bwè oswa itilize dwòg. Epitou, swiv règ wout la ak pataje wout la an sekirite ak lòt yo".

Daprè Enstiti pou Jesyon ak Rechèch sou Sekirite Sikilasyon (Institute for Traffic Safety Management and Research, ITSMR) nan University at Albany an, 516 moun te mouri epi 5,067 lòt moun te blese nan aksidan ki enlike chofè ki te gen kapasite afebli nan Eta New York pandan 2020.

Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (GTSC) a an pati finanse inisyativ sa a. GTSC a ak Fondasyon STOP-DWI Eta New York la ap raple otomobilis yo [aplikasyon mobil "Have a Plan"](#) yo an kapab ede Nouyòkè yo jwenn yon fasonn sekirite pou ale lakay yo apre selebrasyon kote yo ka te bwè. Aplikasyon gratis la pèmèt itilizatè yo deziyen yon chofè, rele yon taksi oswa pran woulib an komen, epi revize konsekans ki genyen lè moun kondui avèk kapasite afebli. Itilizatè yo ka menm itilize aplikasyon an pou rapòte yon chofè ki sou oswa ki dwoge. Aplikasyon an disponib pou telefòn entèlijan Apple, Android, ak Windows.

Pandan wikenn Jounen Memoryal 2021 an, Polisye Eta yo te arete 185 moun poutèt yo t ap kondui malgre yo te bwè, yo te bay 9,214 kontravansyon ototal, epi yo te envestige 163 aksidan domaj kòporèl ki te lakòz de moun mouri. Anplis de Lapolis Eta New York la, plizyè konte ak ajans toupatou atravè eta a te patisipe tou nan mezi represyon yo te pran pandan Jounen Memoryal (Memorial Day Crackdown) ane pase a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418